

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

*Konstitisyon 1987 la tounen yon jwèt
lamayòt nan men politisyen*

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon
Jilap Nasyonal*

15

Pòtoprens, out 2010
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Piblikasyon Biltén sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Biltén an.

La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR. La Commission Nationale Justice et Paix est seule responsable du contenu de ce texte. Tirage : 3.000 copies en créole ; 500 copies en français.

De (2) mo pou kòmanse

Depi nan mwa jen 2009, Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP (GRR-JILAP) tanmen yon brase lide sou kesyon konstitisyon 1987 la. Se yon kesyon fondalnatal, paske konstitisyon se pa yon senp lwa. Gwo prensip dwa yo fè konnen tout lwa ki egziste nan yon peyi dwe swiv chimen konstitisyon an trase. Se sa ki lakòz deba ki toujou genyen pou konnen si yon lwa mache selon manman lwa a, oubyen si li depaman ak konstitisyon an. Deba sila yo se plis chwal batay moun save nan zafè dwa. Men konstitisyon an pa sèlman lwa. Li se tou yon zouti politik. Li tabli mòd oubyen sistèm pouvwa ki egziste nan yon peyi ak fonksyònman enstitisyón Leta yo. Lè sa a, konstitisyon an sispann zafè moun ki save nan dwa ak lalwa sèlman. Li tounen yon kesyon ki dwe mobilize tout sitwayen, fanm kou gason.

Jounen jodi a, konstitisyon 1987 la se nannan deba politik nan peyi a. Tranbleman tè 12 janvye 2010 la kapote jefò Gouvènman Preval la t ap fè pou pase men ladan l (pou fè sa yo rele amandman). Anpil lòt moun oubyen sektè k ap pale mete plis aspè legal oubyen jiridik konstitisyon an devan. Yo pa di aklè ki pwojè politik yo genyen ki fè yo mande pase men oubyen chanjman nan konstitisyon an.

Gwoup Rechèch ak Refleksyon Jilap (GRR-JILAP) ap pataje avèk nou moso lide k ap mennen nou nan rasin koze sou konstitisyon an ki tounen jodi a yon lamayòt politik. Deba sila a enpòtan anpil pou lavni peyi a. Se sa k fè n ap mande tout gwoup, tout mouvman anndan Legliz la, ak tout lòt sektè anndan sosyete a pou reflechi yon ti tan sou kesyon konstitisyon an. Nan 15zyèm dokiman GRR JILAP sa a, nou lonje dwèt sou limit deba ki angaje jodi a sou konstitisyon 1987 la epi nou pwopoze nouvo chimen pou manyen kesyon sa a.

Bon lekti tout moun !

Premye chapit

Yon rafrechi memwa sou kesyon konstitisyon nan peyi a ak plan Gouvènman Preval la

Depi egzistans Leta Ayisyen, peyi a pase deja 22 konstitisyon. Sa vle di prèske chak 10 lane, genyen yon nouvo manman lwa oubyen konstitisyon ki ekri pou peyi a. Nan 22 konstitisyon yo, genyen twa (3) ladan yo ki te dire plis tan. Se konstitisyon 1816 la ki te pase 27 lane, konstitisyon 1889 la te dire 29 lane, ak sa ki la a (1987) ki genyen 23 lane. Kidonk, si nou mete sou kote konstitisyon 1816, 1889 ak 1987 la, nou kapab di se prèske chak 6 lane politisyen yo kwoke yon nouvo konstitisyon nan gagann peyi a.

Genyen 2 konsiderasyon nou dwe fè oubyen ki nesesè :

- **Premye konsiderasyon :** Politisyen yo bay yon gwo manti lè y ap klewonnen pwoblèm peyi a chita sou konstitisyon 1987 la. Listwa politik peyi a depi plis pase 200 lane kapab demanti koze sa a. Peyi a abitye chanje konstitisyon tankou yon moun chanje chemiz. Men jiska prezan, nou pokò pran chimen pwogrè politik.
- **Dezyèm konsiderasyon :** Prezidan Rene Preval pa chita sou listwa lè li deklare se konstitisyon 1987 la ki lakòz « enstabilite » peyi a onivo politik. Sou anviwon 30 gouvènman ki tabli nan tèt peyi a depi 1804, genyen plis pase 20 yo kapote sou pouvwa, epi plis pase 16 prezidan sètoblije pran chimen egzil. Boulvès politik makonnen avèk listwa peyi a menm. Prezidan Rene Preval pa di aklè pwojè politik li genyen lè l vle manyen oubyen pase men nan

konstitisyon 1987 la. Sa pa vle di nou voye jete pwoblèm ki genyen nan konstitisyon sila a. Men, sa ki dwe klè pou tout moun se :

- Pi gwo pwoblèm Ayiti genyen, se pa pwoblèm konstitisyon. Nou pa dwe kite politisyen tout plim tout plimay fè nou kite kadav pou n al kriye bò kote sèkèy.
- Genyen ijans pou rebat kat politik yo nan peyi a. Pa p gen okenn pwogrè onivo sosyal ak ekonomik nan peyi a san pa gen transfòmasyon nan rapò politik yo. Leta ki tabli a plis ap defann enterè yon ti ponyen moun nan sosyete a. Reyalite fondalnatal sa a dwe chanje.

Lòt rafrechi memwa ki nesesè konsènen plan Gouvènman Rene Preval sou kesyon konstitisyon an.

N ap fè sonje pwojè « amandman » oswa pase men nan konstitisyon 1987 la Palman an te vote pa rive nan bout li. Apre tranbleman tè 12 janvye 2010 la, li te enposib pou òganize eleksyon ki te prevwa pou dat 28 fevriye 2010. Konsa yon nouvo Palman pa t rive tabli. Pwosesis « amandman » an, pase men nan konstitiyon 1987 la, vin bloke nan wout, li antere anba dekonm. Men dokiman Palman an te vote ki mouri nan wout la pa montre nèt alkole oubyen li pa ranmase entansyon Gouvènman Preval la. Pou yo te rive vote dokiman an, Gouvènman an te oblige negosye avèk lòt pati oubyen sektè politik nan Palman an. Se pa nan rapò Komisyon Prezidansyèl sou refòm konstitisyon n ap jwenn nonplis pwojè Prezidan Rene Preval te genyen. Se pito nan yon dokiman Prezidan an te mande 2 nèg save ekri¹ (Claude Moïse ak Cary Hector) n ap jwenn nannan pozisyon Prezidan Preval. Nou pa p fè yon ranmase lajman laj dokiman sila a, men n ap gade pito pi gwo pwopozisyon ki te fèt yo.

- **Premye gwo pwopozisyon:** se nesesite pou retabli ekilib ant pouvwa Prezidan ak pouvwa ki nan men Palman an. Selon rapò a,

¹ Dokiman sa a pibliye nan lang fransè, li rele: *Rapport sur la question constitutionnelle et Annexes*

Prezidan an dwe gen dwa pou voye Palman an ale nan men li. Dwa sila a kapab pote solisyon lè gen yon kriz politik ak enstitisyonèl.

- **Dezyèm gwo pwopozisyon** : Selon dokiman an, li nesesè pou fè chanjman onivo mekanis konstitisyon an prewwa pou fòme Gouvènman, pou fè nominasyon jij epi pou ranplasman Prezidan peyi a ak Prezidan Tribinal Dènye Jijman oubyen kou Kasasyon an (pi gwo tribinal sistèm jidisyè a).
- **Twazyèm gwo pwopozisyon**: Li konsènen kreyasyon yon seri nouvo enstitisyon oubyen chanjman ki pa ka tann.

Rapò a mande :

- pou yo mete sou pye yon Tribinal konstitisyonèl ki dwe bay dizon li sou lwa k ap fabrike pou peyi a, pou di èske lwa sa yo mache oubyen èske yo depaman avèk konstitisyon an,
- pou kreye nouvo kondisyon ki pou mennen nan rekanpe lame a,
- pou diminye nan kantite enstitisyon ki konsènen desanralizasyon. Enstitisyon sa yo ki ta dwe la yo twòp : tankou ASEK, KASEK, Asanble Minisipal, Asanble Depatmantal, Asanble Entèdepatmantal.
- pou Leta Ayisyen rekonèt doubl nasyonalite, sa vle di pou 1 bay posiblite pou yon sitwayen ayisyen kapab an menm tan sitwayen yon lòt peyi.

Nou pa detaye pwopozisyon yo. Paske sa ki pi enpòtan, se pa etidyé pwopozisyon ki fèt yo, men pito gade ki kalte chanjman ki parèt pi enpòtan bò kote Pouwva a. Nou dwe sitou poze kesyon sou enterè sosyal ak politik ki jistifye chanjman rapò a pwopoze yo.

Rapò a pale tou sou kriz politik ki blayi nan peyi a depi 1987 epi ki toufounen aplikasyon konstitisyon an. Li lonje dwèt sou 4 moman nan kriz sila a :

- **1987 - 1990** : Kote dispozisyon tranzitwa ki nan konstitisyon an fè bèk atè.
- **1991 - 1994** : Koudeta Lame lage latwoublay enstitisyonèl.
- **1994 - 2000**: Retou Gouvènman konstitisyonèl la san yo pa mete anplas yon fason total kapital sistèm lwa konstitisyon an prevwa.
- **2004 - 2006**: Nouvo boulvès politik ki lakòz nouvo traka pou konstitisyon an.

Kidonk, sitiyasyon an pa senp. Okenn moun save oubyen sektè politik pa ka bay pyès garanti sou sa ki chimen «estabilite » politik la : oswa chanje konstitisyon an nèt, oubyen chanje l an pati. Kesyon fondalnatal la pou n poze tèt nou se : ***ki rasin boulvès politik peyi a konnen depi plis pase 200 lane genyen***? Ki konsekans boulvès sa yo sou devlòpman ekonomik ak sosyal peyi a ? Ki aktè sosyal ak politik ki gen enterè nan divès boulvès nou konnen yo ? Ki jan nou ka ede mas pèp la konprann listwa boulvès politik yo pou l rive konstwi yon pwojè politik altènatif ? Jounen jodi a, se pa ksyon fondalnatal sa yo y ap poze oubyen diskite. Konstitisyon an tounen pito yon jwèt, yon lamayòt politik.

Dezyèm chapit

Yon jwèt lamayòt ki kite dèyè enterè nasyonal ak popilè yo

Konstitisyon 1987 la, jounen jodi a, se yon jwèt lamayòt. Sektè politik ki kont Pouwwa a pa sispann denonse vyolasyon k ap fèt. Pi fò sektè oubyen pati politik sa yo te gen kòd lonbrit yo mare avèk Pouwwa a nan lane avan yo ki t ap toufounen menm konstitisyon an. Sektè ak pati sila yo pa gen kredibilite pou nou pran yo oserye. Ayè, yo t ap sakrifye konstitisyon an, jodi a li enposib pou yo tounen defansè oubyen gadyen menm konstitisyon an. Pèp ayisyen an pa dwe dòmi blyie. Nou dwe toujou makonnen dizòn yon sektè oubyen yon pati politik avèk pratik li te devlope.

Bò kote pa 1, se yon gwo manti lè Prezidan Rene Preval deklare se konstitisyon 1987 la ki mare pye peyi a onivo politik. Se pa premye eksperyans jesyon pouvwa Prezidan an. Nan peryòd koudeta a, konstitisyon 1987 la se te pi gwo e menm sèl zam li te sèvi avè 1 pou mennen batay politik li. Lè li kite pouvwa a nan lane 2001, menm yon fwa li pa t denonse konstitisyon an. Se menm bagay nan kanpay elektoral 2005 – 2006. An reyalite, Prezidan Preval ap fè mawonnaj sou sa ki veritab pwojè politik li nan lonje dwèt sou konstitisyon an. Kidonk, se prèske tout sektè politik nan peyi a ki deside jwe jwèt laviwonndede avèk konstitisyon an. Pi gwo prensip konstitisyon an chita sou li, se pwoteksyon ak defans dwa grandèt majè peyi a. Sektè ki di yo se defansè konstitisyon an pa angaje okenn lit oubyen pa pran okenn inisyativ pou kaba avèk nouvo reyalite lokipasyon peyi a konnen. Bò kote Pouwwa a, lè sa anfavè enterè pa 1, li blyie si konstitisyon an se sous oubyen faktè « enstabilite ». Lè gen sektè politik k ap mande demisyon Prezidan Rene Preval, èske se pa sou konstitisyon an Pouwwa a chita pou asire pwòp defans li ?

Jounen jodi a, kesyon ki pi enpòtan ki dwe jwenn repons, se : ***Ki nouveau politik pou Ayiti ?*** Se sèl pèp la ki ka bay tout bon vre yon sistèm demokrasi jarèt. Se pa nèg save oubyen ekspè k ap ranmase adwat agòch eksperyans konstitisyonèl lòt pèp ki pou foure yon sistèm politik tou pare nan gagann peyi a. Se vre, nou dwe aprann epi konprann eksperyans lòt pèp fè. Men, nou dwe sispann kopye modèl enstitisyon ki egziste nan lòt peyi. Ayiti dwe konstwi chimen politik pa l.

Tranbleman tè 12 janvye 2010 la montre aklè ***pi gwo egzijans politik yo ki genyen :***

- **Yon premye egzijans :** Se ijans pou **transfòme mòd rapò sosyal ak politik ki mennen nou nan katastwòf 12 janvye a.** Rapò sa yo makonnen avèk yon sistèm peze souse ki rive nan tobout li. Si mòd rapò sa yo pa chanje, gen danje pou Ayiti disparèt.
- **Yon dezyèm egzijans :** Se **defi pou nou konstwi yon nouveau sosyete.** Transfòmasyon rapò sosyal ak politik yo dwe louvri wout pou konstriksyon sila a. Se yon nouveau sosyete ki dwe bay nouveau pratik ak nouveau fòm sitwayènte nan peyi a jarèt. Fòk tout Ayisyen, fanm kou gason, kapab jwi epi egzèse menm dwa politik. Men tou, fòk chak Ayisyen ak tout Ayisyen gen jwisans yon seri dwa sosyal. Sitwayènte sosyal ak sitwayènte politik se 50 kòb ak 2 gouden kole. Kidonk, kòm premye pa a, nou dwe tabli yon dizòn politik klè sou yon nouveau sosyete.
- **Yon twazyèm egzijans :** Se rive **tabli mekanis konstitisyonèl ki akonpaye transfòmasyon reyalite sosyal la.** N ap fè sonje yon lòt fwa ankò, konstitisyon se yon lwa espesyal ki òganize tout sistèm oubyen rejim politik nan yon peyi. Se vre gen fòm pou lwa sa a ekri. Men ekri yon konstitisyon oubyen pase men nan yon konstitisyon toujou makonnen avèk yon pwojè politik. Fòk tout sektè, aktè oubyen pati politik di aklè ki pwojè politik yo genyen pou Ayiti. Se wòl mouvman sosyal yo pou fouye, òganize deba sou pwojè

politik sila yo sou baz pratik aktè politik yo abitye devlope sou teren an.

Egizijans sila yo montre aklè nesesite pou nou koupe fache avèk yon seri pozisyon ki vle fè konstitisyon 1987 la tounen yon lamayòt. *Lè Pouwwa a oubyen lòt sektè politik vle defann enterè yo, yo kenbe konstitisyon an nan 2 men yo. Men lè y ap chèche tabli yon pwojè politik ki pa vrèman konsènen enterè peyi a, yo mande boule nan dife konstitisyon an.*

Gwoup Rechèch ak Refleksyon Jilap (GRR-JILAP) kwè gen chanjman oubyen pase men ki dwe fèt nan konstitisyon 1987 la. Men **anvan sa, gen 2 kesyon fondalnatal ki mande repons.**

- **Premye kesyon fondalnatal** : Ki novo peyi nou vle, ki peyi nou dwe konstwi ? Ki novo kondisyon lavi nou deside tabli pou pèp la ak sitwayen yo ?
- **Dezyèm kesyon fondalnatal** : Ki aktè sosyal ak politik ki dwe poto mitan konstriksyon ak transfòmasyon sila a ? Ki dispozisyon nou dwe pran pou rebay peyi a, nasyon an dwa grandèt majè li ?

Repons pou kesyon sila yo pa fasil. Men gen 2 ti pa mouvman sosyal yo kapab kòmanse fè.

- **Premye pa a**, se retire kesyon konstitisyon an nan men sektè politik ak save kòm lamayòt. *Se pou kesyon konstitisyon an tounen yon fenomèn nou makonnen avèk nesesite pou transfòme rapò pouwwa ak sosyal yo nan peyi a.* Sa vle di mouvman sosyal yo dwe pran dispozisyon pou poze aklè « pwblematik » konstitisyon an ak nesesite transfòmasyon, chanjman sosyal nan peyi a.
- **Dezyèm ti pa a**, se rekonstwi memwa listwa konsènan pozisyon divès aktè politik sou kesyon konstitisyon an menm. Travay memwa sa a enpòtan pou 2 rezon: Yon bò pèp la ap rive sonje epi

konprann pozisyon reyèl aktè politik yo sou kesyon konstitisyon an. Nou pa gen pou kwè nan pawòl politisyen, men, se pratik yo, zak yo te poze k ap di nou kiyès yo ye tout bon. Yon lòt bò, rekonstwi memwa listwa a pral ankouraje deba popilè a, deba a k ap fè pwosesis demokratizasyon an vanse.

Mwa out 2010

15 tèks refleksyon GRR-JILAP

GRR-1: Kriz pwosesis demokratik la: Analiz ak refleksyon

GRR-2: Kriz politik peyi d Ayiti: Ki dyalòg ak negosyasyon ?

GRR-3: Kriz politik peyi d Ayiti a : negosyasyon oubyen leve kanpe?

GRR-4: Pèp Ayisyen nan chemen jennen. Ki solidarite li dwe jwenn ?

GRR-5 : Legliz Katolik peyi d Ayiti ak dwa moun:Bilan ak Pèspektiv

GRR-6 : Misyon espesyal OEA:Wòl ak limit

GRR-7 : Vyolans nan katye popilè yo

*GRR-8 : Kijan nou konprann pwojè
“Nouvo Kontra Sosyal” Gwoup 184 la*

GRR-9 : Reyalite gwoup ame nan peyi a

GRR-10 : Dyalòg Nasyonal ak Eleksyon: Ki chimen pèp la dwe pran

*GRR-11 : Eleksyon 7 fevriye 2006 : Yon leson ak yon defi pou konstriksyon
demokrasi nan peyi a*

GRR-12 : Ki kalte Rekonsilyasyon ki ka donnен Lapè an Ayiti ?

GRR-13 : Refleksyon sou Manman Iwa peyi a 29 mas 1987

GRR-14 : Eleksyon 2009 – 2010 : Defi ap pespektiv

GRR-15 : Konstitisyon 1987 la tounen yon jwèt lamayòt nan men politisyen